



Pran aksyon kont chanjman klima

Chè fanmi ak kòlèg,

Nan kòmansman semèn sa a, si w te pase bò Governors Island nan New York Harbour, ou t ap wè yon bagay enkwayab: anviwon 400 elèv ak 100 edikatè te rasanble pou setyèm somè anyèl sou klima Jèn nou an, pou yo te aprann sou sijè soti nan gaspiyay manje rive nan ekosistèm maren ak règleman sou klima.

Elèv nou yo yomenm te fè anpil nan atelyetravay sa yo, epi pou premye fwa, elèv lekòl presepondè te patisipe ansanm avèk kamarad lekòl segondè yo. Ansanm, yo te chita pale sou solisyon pou pwoblèm chajman klimatik ak wòl enpòtan lekòl yo ka jwe pou kreye chanjman pozitif.

Menm pi lwen pase somè sa a, elèv nou yo ap fè pwomosyon sou dirabilite nan plizyè fason, kontribiye nan konpostaj bò twotwa, rantre nan ekip vèt lekòl (Green Teams) patisipe nan [Jounen aksyon pou pwoteje klima](#), ak plis ankò. Kèk nan elèv sa yo fè pati Konsèy Lidèchip Jèn; Atansyon espesyal Chanselye a bay plis enfòmasyon sou gwoup sa a. Mwen tèlman fyè de tout sa yo akonpli.

Mwen fyè tou pou sa nou reyalize kòm yon ajans Vil Nouyòk. Nou te elaji pwogram konpostaj bò twotwa nou an nan tout vil la an patenarya avèk Depatman Sanitasyon, sa ki fè li se pi gwo pwogram konpostaj distri lekòl nan peyi a. Nou fè tou apeprè 120 enstalasyon enèji solèy nan lekòl nou yo, sa ki lakòz prèske 26 megawatt nan kapasite enèji solèy—kidonk plis pase 80% nan pwogrè total vil la jodi a! Gen plis pase 90 lòt pwojè enèji solèy ki ankou.

Pou plis enfòmasyon sou travay anviwònmanal nou an, ale sou schools.nyc.gov/sustainability.

Nan kolaborasyon,


Melissa Aviles-Ramos
Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a (Chancellor’s Spotlight):

Konsèy Lidèchip Jèn nou an, ki gen apeprè 30 elèv segondè, k ap òganize ak dirije efò dirabilite atravè sistèm lekòl nou an, te ede prezante somè semèn sa a. Gwoup la rankontre chak mwa, pou devlope konpetans lidèchip yo nan prepare atelyetray pou elèv ak estaf yo sou sijè anviwonmantal epi defann chanjman avèk kamarad yo ak lòt Nouyòkè yo. Yo te vizite tou lokal ozalantou vil la, tankou jaden, espas vèt, ak òganizasyon anviwònmanal, pou aprann sou solisyon pou pwoblèm klimatik.

Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a [la a](#).

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksè nan soutitraj ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC”. Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou an.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Fanmi nou yo pa bliye nou toujou ap rekrute pou Family Connectors nan kad inisyativ [NYCPS Cares](#) nou an! Jwenn plis enfòmasyon epi enskri [la a](#).
- Pou jwenn plis nouvèl ak resous, tcheke [The Morning Bell](#) oswa suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Men [videyo](#) Majistra Eric Adams pou semèn lan. Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).